ku muñal ki am jafe-jafe, walla mu baal ka ko, Yàlla dana ko keral bis-penc ca suufus keru Gàngunaayam ga bis ba nga xam ne genn ker amul gu dul keram ga

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ku muñal ki am jafe-jafe, walla mu baal ka ko, Yàlla dana ko keral bis-penc ca suufus keru Gàngunaayam ga bis ba nga xam ne genn ker amul gu dul keram ga».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne képp ku muñal ki ame bor, walla mu teggil ko bor ba, ag payam mooy: Yàlla dana ko keral fa suufus keru Gàngunaayam ga keroog bis-penc ba Jant ba di jege boppi jaam yi, tàngaay wa di tar lool ca ñoom, Kenn du am kerr ku dul ku Yàlla keral.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4186